

Ki dwa mwen genyen?

Dwa pou Odyans Ekitab

Ou gen yon dwa pou yon Odyans Ekitab si yo te refize w Benefis TA, SNAP, HEAP, Benefis pou Swen Timoun, si yo te kanpe, sispann oswa diminye benefis ou yo, oswa ou pa dakò ak desizyon depatman sèvis sosyal lokal la.

Dwa pou aplike pou Asistans Tanporè Ijan

Si ou ap resevwa Asistans Tanporè epi yon ijans souve, pale ak yon travayè touswit. Si ou p ap resevwa Asistans Tanporè, ranpli yon aplikasyon epi pale ak yon travayè ke ou gen yon ijans. Ou gen dwa pou yo fè entèvyou ak ou konsènan ijans ou an menm jou a.

Dwa pou aplike pou tout benefis ak sèvis yo

Pou konnen si ou kalifye pou resevwa TA, SNAP ak/oswa HEAP ou dwe depoze yon aplikasyon nan Depatman Sèvis Sosyal la (Department of Social Services) oswa, si ou abite nan youn nan awondisman Vil New York yo, nan sant travay lokal ou an. Ou ka aplike sou myBenefits.ny.gov oswa ranpli fòm aplikasyon an epi depoze li nan depatman Sèvis Sosyal Lokal ou a. Si ou abite nan youn nan senk awondisman Vil New York yo, ou ka aplike anliy sou access.nyc.gov.

Dwa pou sèvis depistaj ak sèvis espesyal si ou ap eksperimente vyolans domestik

Sèvis yo disponib pou fanmi oswa manm fanmi yo, avèk oswa san timoun, pou ede yo ak vyolans fizik oswa emosyonèl, oswa menas vyolans fizik oswa vyolans emosyonèl.

Pa gen limit pou resevwa sèvis sa yo.

Ou ka rele yon liy ijans 24 sou 24 pou enfòmasyon souabri ijans, gwoup sipò, ak konsèy. Sèvis sa yo ap ede ou menm ak pitit ou rete an sekirite.

Pou jwenn enfòmasyon ak rekòmandasyon bay founisè sèvis vyolans domestik lokal ou, ou ka rele nimewo sa yo, gratis, 24 sou 24:

Nan Vil New York rele 1-800-621-HOPE (1-800-621-4673)

Nan nenpòt lòt zòn nan Eta New York rele Liy Ijans pou Vyolans Domestik Eta NY la (NYS Domestic Violence Hotline) nan 1-800-942-6906 (Moun ki pale espanyòl, rele gratis 1-800-942-6908).

Dwa pou poze kesyon sou swen pou timoun

Asistans swen pou timoun ede yon paran / moun k ap bay swen ki bezwen swen ak sipèvizyon pou timoun yo lè paran / moun k ap bay swen an(yo) pa disponib pou pran swen timoun nan(yo). Asistans pou swen timoun ede yon paran / moun k ap bay swen (yo) peye kèk nan depans pou sèvis swen timoun yo.

Ou ka aplike lè ou rele oswa vizite depatman sèvis sosyal lokal ou a epi mande yon pake aplikasyon. Si ou abite nan Vil New York epi ou nan TA oswa w ap aplike pou TA, rele oswa vizite Sant Travay lokal ou an. Si w ap aplike sèlman pou asistans swen pou timoun, rele liy asistans pou enfòmasyon Vil New York la nan 311.

Dwa pou sèvis lang

Sèvis asistans pou lang yo disponib gratis.

Dwa pou yon avi alekri ki apwopriye

Si distri sèvis sosyal lokal yo twouve ou pa kalifye pou pwogram ak benefis ou bezwen yo, oswa yo deside ke ou ta dwe jwenn pi piti nan yo, w ap resevwa yon avi ki avize ou de aplikasyon w lan ak benefis ou yo epi si yo refize, oswa diminye benefis ou yo, oswa dosye w la fèmen.

LDSS-5208-HA (Rev. 7/22)